

AVI POU REPÒ

Kredi fiskal la pou ane a. Sa a se pa yon pwogram tretman.

15 janvye 2023

Pwopriyete 1:

Adrès Kay la

Awondisman: ___ Blòk: ___ Teren: ___

Kategori Taks: ___ Kategori Batiman: ___ Lokal: ___

AVI SOU VALÈ KAY OU (NOPV) NAN YON BAT JE

Valè Machand 2023-24: \$ _____

Valè Estime 2023-24: \$ _____

Rediksyonenpo sou kay ou: _____

Gade pi ba a pou jwenn yon estimasyon sou enpo sou kay ou pou ane 2023-24.

KISA AVI SA A YE?

Se Avi anyèl sou valè machand kay ou, oswa NOPV. **Se pa yon bil li ye, e ou pa bezwen peye anyen.** Avi sa a pral:

- Enfòmè w sou valè estime kay ou pou ane fiskal 2023-24, epi l ap di w kijan ou ka konteste li si ou kwè gen yon erè.
- Esplike w kijan yo kalkile enpo sou kay.
- Ba ou yon estimasyon sou enpo sou kay pou ane fiskal 2023-24 la.

Tanpri sere yon kopi avi sa a nan dosye ou. Ou kapab wè avi anyèl sou enpo kay tou anliy sou www.nyc.gov/nopv.

ENPO ESTIME SOU KAY 2023-24

Nou pa kapab kalkile enpo 2023-24 sou kay toutotan Lameri pa defini nouvo tarif la, Annatandan, w ap peye tarif pou ane 2022-23 a. Gen anpil faktè ki enflyanse kantite enpo ou, sa gen nenpòt egzonerasyon ak rediksyon ou ta ka resevwa.

Tablo pi ba a bay yon estimasyon sou kantite taks ou pral dwe, lè w miltipliye valè enpo kay la ak tarif taks aktyèl la ki se ____%. Yo mete tablo sa a pou bay enfòmasyon sèlman; montan aktyèl ou dwe ka diferan, selon tarif enpo ane 2023-24 ak valè egzonerasyon ak rediksyon ou genyen.

Ane	Valè Enpo		Tarif Taks		Enpo sou Kay
2023-24	\$ _____	x	. _____	=	\$ _____

DAT ENPÒTAN

1ye Mas 2023

Dènye jou pou konteste valè estime kay ou. (Kay kategori 2 ak 4)

15 Mas 2023

Dènye dat pou Mande yon revizyon sou valè machand ou (Kay kategori 1)

Dènye jou pou aplike pou yon rediksyon sou enpo travayè.

3 Avril 2023

Dènye jou pou mande yon revizyon sou valè machand ou (Kay kategori 2 ak 4)

1 Jiyè 2023

Ane fiskal 2023-24 la kòmanse.

Pou aprann plis, vizite

www.nyc.gov/nopv

KIJAN YO KALKILE ENPO SOU KAY

Yo kalkile enpo sou kay grasa yon fòmil konplèks ki pran ankant anpil montan ak kalkil diferan. Vizite www.nyc.gov/nopv pou jwenn plis enfòmasyon konsènan evalyasyon ak fiskalite sou byen imobilye.

KISA W DWE FÈ SI OU PA DAKÒ AK VALÈ SA YO

Konteste Valè machand Kay ou a Avèk Depatman Finans	Konteste Valè Estime Kay ou a Avèk Direksyon Enpo Meri New York
<p>Si ou kwè Depatman finans te fè yon erè nan kalkil valè machand ou, ou kapab soumèt yon fòm "Demann Revizyon.". Fòmilè a disponib sou www.nyc.gov/nopv oswa rele 311.</p> <p>Gen anpil pwopriyetè kay ki mande yon revizyon pou valè machand kay yo toutpandan yo espere yo ka jwenn yon rediksyon nan enpo sou kay la. Sepandan, enpo sou kay ou p ap diminye amwenske ou kapab pwouve rezon ki fè valè machand kay ou ta dwe pi ba pase valè machand aktyèl la.</p> <p>Delè pou depoze:</p> <p>Enpo sou kay kategori 1: 15 Mas 2023 Tout lòt kategori: 3 Avril 2023</p>	<p>Ou gen dwa pou konteste valè estime ou a avèk Direksyon Enpo Meri New York, ki se yon ajans endepandan ki pa menm ak Depatman Finans. Direksyon Enpo a gen otorizasyon pou redui valè estime kay ou, chanje kategori enpo a, epi ajiste Rediksyon sou enpo ou. Direksyon Enpo a pa kapab chanje valè machand ou, deskripsyon kay ou, oswa kategori batiman an.</p> <p>Nou dwe resevwa aplikasyon w lan avan dèle pou depoze a. Pou jwenn fòmilè apèl Direksyon Enpo yo, vizite www.nyc.gov/taxcommission. Ou kapab vizite tou yon sant sèvis Depatman Finans (Adrès yo sou www.nyc.gov/nopv). Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311.</p> <p>Dèle pou depoze:</p> <p>Enpo sou kay kategori 1: 15 Mas 2023 Tout lòt kay: 1ye Mas 2023</p>

TANPRI GADE DETAY SOU KAY OU

Depatman Finans lan te anrejistre enfòmasyon annapre yo sou kay ou. Tanpri gade enfòmasyon sa a epi fè n konnen si ou remake nenpòt erè lè w voye yon fòm "Demann Mizajou", ki disponib sou www.nyc.gov/nopv oswa rele 311.

Pwopriyete: _____

Kategori Batiman: _____

Zonaj Prensipal _____	Fasad Teren an _____	Pwofondè Teren an _____
Sipèfisi Teren an _____	Fòm Teren an _____	Tip Teren _____
Pwoksimite _____	Fasad Batiman an _____	Pwofondè Batiman an _____
Kantite Batiman _____	Estil _____	Ane Konstriksyon _____
Eta Deyò Batiman _____	Mèt Kare Fini _____	Mèt Kare ki pa fini _____
Lokal Komèsyal _____	Mèt Kare Komèsyal _____	Lokal Rezidansyèl _____
Tip Pakin _____	Mèt Kare Pakin _____	Nivo Sousòl _____
Mèt Kare Sousòl _____	Tip Sousòl _____	Tip Konstwiksyon _____
Mi sou Deyò _____	Kantite Etaj: _____	

SA KI CHANJE: KONPARE ANE FISKAL 2022-23 AK 2023-24

	Ane Aktyèl (2022-23)	Ane Pwochen (2023-24)	Chanjman
Valè machand	\$ _____	\$ _____	+/- \$ _____
Pousantaj Evalyasyon	____%	____%	--
Valè Estime	\$ _____	\$ _____	+/- \$ _____
Valè Machand Aktyèl	--	\$ _____	--
Valè Rediksyon	\$ _____	\$ _____	+/- \$ _____
Valè Enpo	\$ _____	\$ _____	+/- \$ _____

REDIKSYON POU MÈT KAY

Biwo Meri New York bay avantaj sou enpo yo rele rediksyon pou moun aje yo, ansyen konbatan, manm klèje, moun andikape ak lòt moun. Anplis de rediksyon enpo ou, gen anpil egzonasyon ki kapab fè yo pa sezi kay ou. Gade fèy yo ajoute a pou plis enfòmasyon sou vant ozanchè

Dèlè pou aplike pou rediksyon yo bay mèt kay yo se 15 Mas 2023. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite www.nyc.gov/nopv oswa rele 311.

Eta New York bay yon avantaj STAR ki kouvri anpil mèt kay ak avantaj STAR avanse pou moun aje yo. Si ou te aplike avèk eta a pou kredi STAR oswa kredi STAR avanse apre 15 Mas 2015, kredi a pap parèt nan avi sa a. Vizite www.tax.ny.gov/star pou jwenn plis enfòmasyon.

REDIKSYON FISKALPOU KOWOPERATIV AK KONDOMINYÒM YO

Pwopriyete kowoperativ ak rezidans kondominyòm kapab resevwa yon rediksyon k ap ede yo ekonomize lajan sou enpo kay yo.

Kay yo dwe nan yon batiman kalifye epi yo dwe se rezidans prensipal pwopriyete a.

Gen plis enfòmasyon sou rediksyon an – sa gen ladan Aplikasyon, egzijans verifikasyon sou rezidans prensipal ak pwosesis renouvèlman – ki disponib sou www.nyc.gov/nopv.

Si ou genyen kesyon oswa si ou bezwen lòt enfòmasyon, kontakte Depatman Finans lan nan www.nyc.gov/contactcoopabat, oswa rele 311.

KIJAN POU JWENN ÈD

KONTAKTE DEPATMAN FINANS LAN

Si ou genyen kesyon sou nenpòt enfòmasyon nan avi sa a, kontakte biwo Meri New York Depatman Finans

Anliy: www.nyc.gov/nopv

Telefòn: Rele nan (311) 285-8400 (Andeyò NYC oswa pou yon sèvis relè, rele nan 212-639-9675.)

Mèl: NYC Department of Finance
Correspondence Unit
1 Centre St, 22nd Fl
New York, NY 10007

AKTIVITE SANSIBLIZASYON DEPATMAN FINANS

Resevwa èd avèk avi ou resevwa sou valè kay ou a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou aktivite yo, sa gen ladan jan pou enskri ak resevwa mizajou, vizite www.nyc.gov/nopv oswa rele 311 Vini avèk NOPV ou a nan aktivite a.

Tout aktivite yo ap kòmanse a 5pm e y ap fini a 8pm.	
7 Fevriye Brooklyn	Brooklyn Borough Hall 209 Joralemon Street
8 Fevriye Queens	Queens Borough Hall 120-55 Queens Blvd.
13 Fevriye Manhattan	Staten Island 1466 Manor Road
15 Fevriye Staten Island	David Dinkins Municipal Building 1 Centre St, Mezzanine North
16 Fevriye Bronx	Bronx Borough President's Office 851 Grand Concourse, Rotunda

BIWO DEFANS KONTRIBYAB YO

Si ou te fè yon gwo efò pou rezoud yon pwoblèm taks avèk Depatman Finans men ou panse ou pa jwenn yon repons ki satisfè w, Biwo Defans Kontribyab kapab ede w. Pou jwenn èd, vizite www.nyc.gov/taxpayeradvocate epi ranpli fòm DOF-911, "Demann Èd nan men Biwo Defans Kontribyab."

Rele: Rele 311 (Andeyò NYC oswa pou yon sèvis relè, rele 212-639-9675.)

Mèl: NYC Office of the Taxpayer Advocate, 375 Pearl Street, 26th Floor, New York, NY 10038

Si akòz yon andikap ou bezwen yon aranjman pou w aplike epi pou w resevwa yon sèvis oswa pou w patisipe nan yon pwogram Depatman Finans ofri, tanpri kontakte Fasilite Sèvis Andikap la nan www.nyc.gov/contactdofeeo oswa rele 311.